**«Дунялалъул маданият гимназия»**

# Авар мацӀалъул гӀадатияб гуреб дарс

***ТЕМА:***

# "Лабиалиял гъаркъал"

**1 класс**

*МКОУ Кизлярская гимназия 1*

*Хадисова З.М*

**Кизляр 2021-2022г**

## Дарсил тема: Лабиалиял гъаркьал

**Дарсил мурад:**

1.Ц1алдохъабазул лабиалиял гъаркьазулгун лъай-хъвай гьаби.
2. Лабиалиял гъаркьаз цо гьаракь кьолеблъи бихьизаби, гъаркьилаб анализ гьабун ругьун гьари.
3.Лъимал дурун, пасих1го т1ехь ц1алун ругьун гьари.
4. Нилъер Ват1аналде, вижараб ракьалде, гьелъул т1абиг1аталде рокьи бижинаби, рух1ияб рахъ бечед гьаби..

**Дарсил эпиграф:**

«Бокьула, бокьула дир гьит1инаб халкъ,
Бокьула, бокьула дир к1удияб халкъ» ( Р.Х1амзатов)

**Дарсил алатал:** т1ехь, доска, проектор, слайдал, Дагъистаналъул герб, байрахъ, гъвет1,матрешка.

**Дарсил план:**

1.Орг.момент.

2. Цебе малъараб материал такрар гьаби.

3.Физминутка.

4.Ц1ияб дарс.

5.Щула гьаби.

6.Дарсил х1асил.

**Дарсил ин:**

**1.Орг.момент**.(дарсиде х1адурлъулеб лах1зат) Дарс байбихьила Ш.Ханкаевасул «Дагъистан» абураб кеч1алдалъун.( 1 слайд)

**2. Цебе малъараб материал такрар гьаби.**

**1)** Ц1алдохъабазда т1ехьалъул 126-127 гьумер ц1ализе гьабила.

2) <u>Елка, самолет</u> абурал раг1абазул гъаркьилаб анализ гьабила

Учитель:

-Авар мац1алъе хасиятаб чан х1арп бугеб?

-Дагъистаналда маг1арулазул чан район бугеб?

- Гьезда гьоркьоб нужее бищунго кинаб район бокьулеб?

**-Щай?**

**Ват1аналъул гьот1ол гьит1инаб г1аркьел –** ( 2 слайд) ан абураб жо нужеда кин бич1ч1унеб?

Учителасул гара-ч1вари:

-Нужер к1удияб Ват1ан щиб?

- Нужер гьит1инаб  Ват1ан щиб?

- Дагъистаналъул президент щив?

Учителалъ бицина Дагъистаналъул тарихалъул х1акъалъулъ.

Лъималаз Дагъисталалде ругел куч1дул пасих1го ц1алила.

**3.Щ1ияб дарс.**

Квар,кварт1а, квег1аб, кваранаб, квер, квас, квен, гъваридаб, чвахула –

(3 слайд)

Учитель:

-Лъимал, гьал раг1абазул цоцазда релълъараб щиб бугеб?

-Лъимал, -кв,-чв, -гъв ва гьел гурел цогидалги в х1арпгун цадахъ х1алт1изабураб рагъукъаб х1арпалъ кьолеб гьаракьалде  лабиалияб гьаракь абула. Гьелъ кьола цо гьаракь

**Квер-** **,кварт1а-** раг1абазул гьаркьилаб анализ гьабе (4 слайд)

**4. Физминутка**

**Щуго килищ цох1о квер,**

**Босе, гьудул, босе гьаб.**

**Щуго килищ цох1о зар,**

**Босе, тушман, босе гьаб.**

**5.Щула гьаби.**

Учителасул мисалияб ц1али.

Дагъистан буго муг1рузул улка. Гьенир руго рорхатал муг1рул. Муг1рузда кванала г1иял рехъаби. Гъваридал к1к1алабахъан чвахула хехал г1орал. Дагъистаналда г1езарула кванил ниг1матал. Г1ияца кьола кьарияб гьанги

х1еренаб квасги. Г1емерал руго Дагъистаналда кверал меседилал устарзабиги. Гьединго Дагъистаналда руго кварида гьунарал гьарулел палугьабиги. Дагъистаналда цоцалъ рекъон яшав гьабун буго маг1арулаз гуребги лъараг1аз, даргияз,лезгияз, лаказ,табасараназ. ( 5 слайд)

Гьаб текст лъималаз ц1алила. Тексталда гъорлъа лабиалиял гьаркьал гъорлъ ругел раг1аби рищизе т1амила.

**5. Дарсил х1асил.**

Учитель:

-Жакъа дарсида нилъеда ц1ияб жо щиб лъараб?

-Кинал гьаркьазда абулеб лабиалиял гьаркьалилан?

Ш.Ханакаевасул «Дагъистан» абураб кеч1 биччала.